



Kijan yo Mande Konje pou Rezon Familyal Dirèkteman apati Konje Maladi?

Enfòmasyon Enpòtan Pou Konje Rezon Familyal pou Paran ki Fenk Akouche

- Antanke yon paran ki fenk akouche, ou kapab benefisyé toude, konje maladi ak konje fanmi.
- Dire konje maladi pou refè apre akouchman timoun nan pral depann de Sètifikasyon Founisè Swen Sante w la.
- Apre konje maladi w la, ou ka ajoute konje pou rezon familyal dirèkteman lè w itilize menm aplikasyon an.
- Yon sèl aplikasyon pèmèt ou evite yon peryòd datant 7 jou anplis san peye anvan w kòmanse touche peman benefis ou yo.
- Si w kalifye pou toude, konje maladi ak konje fanmi, dire maksimòm konbine a se 26 semèn nan yon ane benefis.
- Ou ta dwe toujou pale ak anplwayè w la sou konje w ap pran an anvan w kòmanse aplikasyon w lan.

Etap 1: Fè Demann pou Konje Maladi pou Refè apre Akouchman Timoun.

[Kòmanse ranpli aplikasyon w lan - Pou fason ki pi rapid ak pi fasil pou aplike, ale sou paidleave.mass.gov](#)

Ou ka soumèt aplikasyon w lan sou entènèt nan 7 lang differan ak sèvis entèpretasyon ki disponib nan plis pase 240 lang atravè sant kontak nou an. Ou ka kòmanse demann konje maladi w pa pi bonè pase 60 jou anvan dat konje w kòmanse, ki souvan se dat ki prevwa pou w akouche a.

Lè w kòmanse aplikasyon sou entènèt ou an, ou dwe:

- Konfime epi antre Nimewo Idantifikasiyon Anplwayè w lan (EIN);
- Nan seksyon "Poukisa ou bezwen konje?", chwazi "Mwen bezwen konje maladi pou refè apre akouchman oswa akòz enkapasite mwen pou m travay pandan mwen ansent."
- Antre dat konje ou planifye yo;
- Telechaje oswa poste [dokiman prèv idantifikasiyon yo](#);
- Telechaje, faks oswa poste [Fòm Sètifikasyon Pou Kondisyon Maladi Grav](#) ke Founisè Swen Sante w la ranpli.

Etap 2: Konbine Konje pou Rezon Familyal nan Konje Maladi w la.

Pou ajoute konje fanmi pou devlope lyen ak ptit ou dirèkteman nan konje maladi w la, ou dwe fè sa nan aplikasyon w lan nan espas go jou apre ptit ou a fèt.

Ajoute konje fanmi ak konje maladi trè fasil pou fè sa sou entènèt. Ou ka rele sant kontak la tou nan (833) 344-7365 pou ajoute l sou konje w. Men etap sa yo pou swiv sou entènèt:

- Konekte nan aplikasyon w lan nan paidleave.mass.gov.
- Louvri demann konje maladi w la ki apwouve.
- Chwazi "Ajoute konje pou devlope lyen ak yon timoun".
- Antre dat nesans ptit ou a;
- Sèvi ak dènye jou konje pou w devlope lyen ak ptit ou a.
- Telechaje [prèv nesans](#) lan.

Si tibebe w la fèt jiska 2 semèn anvan oswa jiska 2 semèn apre dat akouchman ki te prevwa a, DFML ap ajiste dat kòmansman konje maladi w lan sou baz sou prèv nesans apre w fin ajoute konje fanmi w nan demann ou an pou w devlope lyen ak ptit ou.

Lòt bagay pou konsidere

- Si ou genyen yon patnè, li ka benefisyé tou konje fanmi pou devlope lyen ak ptit ou a nan espas yon ane apre nesans timoun nan.
- Patnè w la ap bezwen soumèt yon demann separe pou konje fanmi pou devlope lyen ak ptit ou a.
- Ou menm ak patnè w ka chwazi pran konje fanmi an menm tan oswa nan diferan moman.
- Si ou menm oswa patnè w la mande yon orè redui (mwens tan travay) oswa travay lè gen demann (tanzantan), w ap bezwen jwenn apwobasyon anplwayè w pou orè sa a.
-

Rele Sant Kontak la nan (833) 344-7365.

Mande anplwayè w la oswa vizite mass.gov/dfml pou aprann plis enfòmasyon.